

Rapòte Eksplwatasyon Finansye sou Granmoun aje Ou Sispèk

Rapòte Eksplwatasyon Finansye sou Granmoun aje Ou Sispèk

Fòm ki atache a se pou enstitisyon finansye ak anplwaye yo itilize pou rapòte ka yo sispèk sou eksplwatasyon finansye granmoun aje yo. Seksyon 73-307 Lwa sou Mache Finansye Delaware la ak Tit 31, § 3910(c) Kòd Delaware la prevwa, kote yon anplwaye nan yon enstitisyon finansye gen yon rezon pou li kwè yon pèsonaj aje te oswa li kapab sibi eksplwatasyon finansye, enstitisyon finansye a dwe rapòte enfòmasyon sa yo bay Inite Pwoteksyon Envestisè Depatman Jistis Delaware la ak Depatman Sante ak Sèvis Sosyal la. Tanpri, sonje tout rapò sou eksplwatasyon finansye ou sispèk yo ap rete konfidansyèl.

Ou ka fè rapò bay IPU nan youn nan de (2) fason sa yo:

SOU ENTÈNÈT:

Pou w konplete avèk siksè [Rapò Inite Pwoteksyon Envestisè Delaware sou Eksplwatasyon Finansye ou sispèk la](#), tanpri swiv etap ki anba yo.

1. Asire w ou gen Adobe Acrobat Reader anvan w eseye anrejistre fòm lan epi soumèt li sou entènèt. Si ou pa gen Adobe Acrobat Reader, tanpri telechaje lojisyèl gratis la pou aparèy sa yo: [Òdinatè Biwo](#)|[iPhone/iPad](#)|[Android](#)|[Telefòn Windows](#). Sa a se sèl platfòm ki sipòte pou soumèt aplikasyon an sou entènèt. Si w ap itilize yon òdinatè oswa aparèy Mac/Apple, **pa ranpli aplikasyon an lè l sèvi avèk Preview**. Tanpri, itilize Adobe Acrobat Reader.
2. Telechaje [Rapò Inite Pwoteksyon Envestisè Delaware sou Sispè Eksplwatasyon Finansye](#)
3. Anregistre fòm nan sou òdinatè w oswa aparèy ou
4. Louvri PDF ki anregistre kounye a nan Adobe Acrobat Reader
5. Ranpli fòm nan. Tanpri, antre otan enfòmasyon posib. Si yon chan pa enpòtan oswa ou pa gen enfòmasyon an, ou ka tape "pa aplikab" oswa "N/A".
6. Anrejistre fòm ranpli a sou òdinatè w oswa aparèy ou. Fòm nan pa anregistre enfòmasyon ou yo otomatikman pou referans ou, menm apre ou fin telechaje li. Pou w ranpli fòm nan epi fè chanjman ki nesèsè yo pandan w ap kontinye oswa apre w fin soumèt li, ou **DWE** anregistre fòm nan sou òdinatè w oswa aparèy ou anvan w antre nenpòt enfòmasyon ladan l.

Apre w fin ranpli fòm nan avèk siksè, ajoute l nan yon imèl, epi voye l nan IPU.SeniorProtection@delaware.gov ak DelawareADRC@delaware.gov

TELEFÒN:

Ou ka fè rapò a pa telefòn nan (302) 577-8424

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte IPU nan (302) 577-8424 oswa pa imèl nan IPU.SeniorProtection@delaware.gov.